INTRO

Say we know say we get beta and strong dignity join wit right wey de ekwal, wey dem no fi take am comot from us as we be human being na fandeshun fridom, justice and peace for di world.

Since dem no rizin wuman right as beta tin, e don turn to suntin wey no go well for man-pikin. And for dis world wey we de now, wey human being go enjoy fridom of speech and belief of fear and wants na di highest tin wey man-pikin wants for dis life

For di oda hand, e de important if man last optshun na ti fight against bad govment and oppreshun say mek human right de protected by law

For di orda hand, e de important to promot say mek all di kontris for di world be friends

Di pipo of di United Nations don get strong faith for di fundamental human right, for di dignity and wort of di persin and say mek man and woman de ekwal and dis mata don mek dem de detamine to promote soshia progress and beta standard of life for big fridom.

Kontris wey de for United Nation don promise der sef wit di hand of di United Nation say,dem go promote di general respect so da we go fi de look di wuman right and fundamental freedom.

Di normal understanding for dis right and fridom de veri important for di tins wey dem promise to promote. .

Dis Jenera assembly tok say dis Univasal dekclarashun of human right na common standard of ashifment for evri bodi and all di neshun wey evri persin and evri sosayeti wey de keep dis dekclarashun for mind go teach and promote respekt for dis right and freedom by di good tins wey don happun, nashuna and intanashuna so da der univasal and effective recognishun plus obsavance go de safe togeda wit pipo for memba state and di pipo wey de widin der area

ARTICLE 1

Evri bodi get all di rights and fridom for dis mata witout anitin like race, colour, sex and languej, politika or orda opinion, nashunal or soshia origin, proparti, birth or oda status.

ARTICLE 2

Dem no go judge di mata base on politika, legal territory or intanashuna status of di kontri wia persin kom from, weda di kontri de on hin own or e get trust, or say na dem de rule der sef, or weda dem de ani rule.

ARTICLE 3

Evri bodi get right to live, de free and safe.

ARTICLE 4

Dem no go hold any bodi as slave. Slavery and slave trade na ‘NO GO’ area for evri angle.

ARTICLE 5

Nobodi go chop beatin or ani kain purnishment.

ARTICLE 6

Evri bodi naim get right mek dem know am as persin befor di law.

ARTICLE 7

Evri bodi dey ekwal befor di law and get right to ekwal proteshun for di law. Evri bodi get right to ekwal proteshun against anitin wey tosh der right or de against di right.

ARTICLE 8

Evri bodi get right to beta korreshun or solushun from confam nashunal tribunal wey de in charge of pipo wey de giv wuman right wahala wey di constitushun or law giv.

ARTICLE 9

Nobodi go henta ani how arrest or henta cell for no rizin or comot go hide becos say dem wan arrest or kill am.

ARTICLE 10

Evri bodi naim get right mek beta court hear der mata witout pashia or mago-mago wey go detamine hin right and duties and ani oda criminal sharge wey de on top hin head.

ARTICLE 11

1. Ani bodi wey dem catch say e do bad still get right to de inosent until di law tell am say e de guilty afta all hin defense don weak.

2. Dem no go hold ani bodi for ani tin wey hin do bad if e no de inside law, weda for hin kontri or for obodo level, for di time wey e do di bad or mek dem giv am beta purnishment wey no follo for di purnishment e suppose get normally di time wey di bad happun.

ARTICLE 12

Nobodi go shuk maout for ani bodi persona mata; weda famili or hass mata or say dem use leta or komputa message shuk maout. Nobodi get right to tok bad abat anoda persin. Evri bodi get right mek di law protect dem against all dis attack.

ARTICLE 13

1. Evri bodi get right to move go any wia for area or wi din di states for di kontri.

2. Evri bodi get right to leave ani kontri, plus hin own or go back hin kontri.

ARTICLE 14

1. Evri bodi get right to go or enjoy for anoda man kontri if e no safe for hin own kontri.

2. This right fi no work if di persin do bad wey no be politika mata or if di mata de against di rule of United Nations.

ARTICLE 15

1. Evri bodi get right to say naim kontri be dis.

2. Nobodi get right to tell ani bodi say di kontri no be hin own or deny am say e no fi shange kontri.

ARTICLE 16

1. Men or women dem wey don reach age to marry and wey no de look tribe, religion, or di kontri e com from, get right to marry and get famili. Dem get right to marry and to break di marriage.

2. Marriage na mek di pipo gree wit der full chest.

3. Famili na di fess unit of di sosayeti and e get right to de protected by di sosayeti and di state.

ARTICLE 17

1. Evri bodi get right to get propati or get propati wit oda pipo

2. Nobodi get right to collect persin propati

ARTICLE 18

Evri bodi get right and de free to tink, to get hin own mind and religion; dis right be say, persin free to shange religion or belief weda wit persin or pipo for public or private place and tish, pratice, worship and look.

ARTICLE 19

Evri bodi get right and de free to get hin own opinon and tok wetin de hin mind; di right add say ani bodi de free to tok hin mind witout say ani bodi shuk maout. Evri bodi get right to ask, to collect and to giv info and idea to ani midia witout say e look pipo wey de up.

ARTICLE 20

1. Evri bodi get right and de free to get peace for group or assosiashun
2. Nobodi fi force anibodi join ani assosiashun

ARTICLE 21

1. Evri bodi get right to henta or de govment for hin kontri weda direct or say pipo choose wit free mind wey go represent dem
2. Evri bodi get ekwal right to de for public servis for hin kontri
3. Na wetin di pipo want naim govment go stan ontop and na dis pattern dem go use for ani elecshun wey go de ekwal and de evri wia and na say, dem vote for secret or say di votin de free.

ARTICLE 22

Evri bodi wey be memba of di sosayeti get di right to soshia sekuriti and ondastan, as e be tru nashuna effort and intanashuna koperashun, mek e follo wit di organizeshun and di resources of each state of di ekonomic, soshia and cultural right for wia hin rep de necessary and di free divelopment of hin persin

ARTICLE 23

1. Evri bodi get right to work, and to choose ani kain work wey go well wit am and to protect dem if work no de.

2. Evri bodi get right mek di work and di pay de ekwal witout ani pashia.

3. Ani bodi wey de work get right to kolekt moni for hin sef and hin famili as sign say hin de work.

4. Evri bodi get right to form and join trade union so as to protect hin interest.

ARTICLE 24

Evri bodi get right to rest and relax wit activities plus small hours for work and public holiday wit moni.

ARTICLE 25

1. Evri bodi get right to beta life wey go hep for hin healt and hin famil, plus food, cloth, hass, medika care and soshia service and right for no job palava, sickness, disabiliti, say persin wife or husband kpeme, old age and oda tins wey e no fi kontrol.
2. Pikin and women wey get pikin get right to beta care and hep. Oda pikin wey dem born for marriage or outside marriage get right to enjoy di same soshia protecshun too.

ARTICLE 26

1. Evri bodi get right to go skul. Skul go de free at least for di start level. Nursery and primary go de important. Technical and professional skul go de and unifasiti go de easy to henta base on say persin pass.

2. Edukeshun go go straight to divelop persin well-well and to strong di respect for wuman right and freedom. E go promote mek dem onstan der sef, fi stan der sef and becom friens among der sef, weda dem be different tribe or get different religious groups and go mek di work of di United Nations go well to get peace.

3. Papa and Mama get right to shus di kain edukeshun for der pikin

ARTICLE 27

1. Evri bodi get right to paticipate for kulture life for di communiti, mek dem enjoy di art and share di scientific matas and how pipo fi gain.

2. Evri bodi get right to protect hin work weda na science, literature or ani tin wey fine well well wey say na di persin do am.

ARTICLE 28

Evri bodi get right to soshia and intanashuna order wia di right and fridom wey we don tok fi de possible.

ARTICLE 29

1. Evri bodi naim get wetin e fi do for hin community possible to develop hinsef well-well

2. As evri bodi de do hin right and fridom, evri bodi go mek sure say dem do di tins wey di law tok, to respekt human right and fridom of odas and mek dem meet di requirement of weda sutin good or bad, public order, and jenera welfare for democratic sosayeti.

3. Based on dis right and fridom, mek notin happun wey e be say e no follo for di rizin and rule of di United Nations.

ARTICLE 30

Di tins wey we don tok fi no go well wit some state, group or persin. Ani right wey go mek persin do suntin or do suntin wey go destroy ani of di right and fridom must get limit